



ANDREA JOY CAMPBELL
ATTORNEY GENERAL

The Commonwealth of Massachusetts

Biwo Pwokirè Jeneral la

Avi sou Dwa Travayè Domestik Genyen

Deklarasyon sou Dwa Travayè Domestik yo (Domestic Workers Bill of Rights), M.G.L. Chapit 149, Seksyon 190

Anplwayè yo: Ou dwe remèt travayè domestik ou anboche yo yon Avi sou Dwa. Ou gendwa itilize Avi sa a pou objektif sa a.

Dwa Legal Travayè Domestik yo Genyen

Lè yo fek anboche w antanke travayè domestik, anpwlayè w dwe ba w enfòmasyon alekri konsènan dwa legal ou yo. Li sa ki anba la a pou ou jwenn plis enfòmasyon konsènan dwa ou genyen yo.

Avi sa a disponib an Espanyòl ak an Pòtigè nan www.mass.gov/ago/dw.

Ou gen kesyon? Kontakte Divizyon Travay Ekitab Pwokirè Jeneral la nan (617) 727-3465 oswa (617) 727-4765 TTY

Kimoun ki dwe resevwa avi sa a?

Se pou yo remè yon avi sou dwa Eta ak federal nan yon lye travay bay nenpòt travayè ki founi sèvis domestik nan yon kay, tankou:

- Menaj,
- Netwayaj,
- Okipe Timoun yo,
- Pare manje,
- Jesyon kay, oswa
- Okipe yon moun ki granmoun oswa ki malad.

Yo pa bezwen remèt li bay:

- Bebisitè yo ki nòmalman travaymwens pase 16èdtan chak semèn, oswa
- Asistan swen pèsònèl yo (PCA yo).
- Anplwaye ajans dotasyon anpèsònèl, plasman oswa anplwa ki gen lisans oswa ki anrejistre konfòmeman ak M.G.L. c. 140.

Kimoun ki Anplwayè w?

Jeneralman, anplwayè w se moun oswa biznis ki te anboche w la. Pa egzanp, si yon moun te anboche w pou travay lakay li, moun sa a se anpwlayè w li ye. Si plis pase yon kay te kolabore pou pataje sèvis ou yo, tankou yon "pataj nanny", alòs toude fanmi yo se anplwayè w yo ye.

Si ou travay pou yon konpayi, tankou yon sèvis netwayaj, kote ou ap fè travay domestik kay lòt moun, alò se konpayi sa a ki ta anplwayè w lan.

Akò alekri

Si ou travay 16èdtan oswa plis nan yon semèn, anplwayè w lan dwe ba w yon akò alekri ki enkli enfòmasyon konsènan:

Tarif peman salè pou travay nòmal ak pou ovètaym

Pwomosyon oswa ogmantasyon salè pou

responsabilite oswa konpetans anplis

Orè travay ak responsabilite nan travay la

Peryòd repo, konje maladi peye, vakans ak jou konje pou rezon pèsònèl

Nenpòt lòt avantaj

Chaj oubyen dediksyon nan salè

Elijibilite pou konpansasyon travayè

Pwosesis pou prezante epi rezoud preyokipasyon yo

Avi rezilyasyon oumenm oswa anplwayè w prezante

Poukisa ak ki lè anplwayè lan pral antre nan espas kote ou ap viv la (travayè ki rete nan kay anplwayè yo)

Ki sa ki konsidere kòm rezon potansyèl pou revokasyon? ((travayè ki rete nan kay anplwayè yo))

Akò sa a dwe alekri nan yon lang ou konprann, epi oumenm ak anplwayè w dwe siyen li. Ou dwe resevwa akò sa a anvan ou kòmanse travay. Ou gendwa itilize modèl referans Akò Anplwaye Pwokirè Jeneral la. Li disponib isit nan: www.mass.gov/ago/dw.

Dosye Pewòl ak Fèy Kontabilite Tan Travay yo

Anplwayè w oblige kenbe dosye pewòl ki gen ladann konbyen tan ou te travay chak jou ak chak semèn, konbyen lajan yo te peye w epi nenpòt dediksyon yo te retire nan lajan ou. Anplwayè yo dwe kenbe dosye pewòl yo pandan 3 lane. Ou gen dwa pou wè dosye pewòl ou nan yon lè ak yon kote ki rezonab.

Yo dwe remèt ou yon bout chèk (talon chèk) ak peman ou ki montre kantite èdtan ou te travay chak jou, tarif pa èdtan an ak nenpòt dediksyon oubyen montan yo ajoute nan peman salè w. Bout chèk la kapab sou papye oswa elektwonik.

Si ou travay 16èdtan oswa plis nan yon semèn, anplwayè w la dwe ba w yon fèy dekont orè (timesheet) omwen chak de (2) semèn ki montre konbyen èdtan ou te travay chak jou. Oumenm ak anplwayè w la ta dwe siyen oubyen apwouve fèy dekont orè a.

Si ou pa dakò ak èdtan ki liste yo epi ou pa kapab jwenn yon antant ak anpwlayè w, ou gen dwa pou prezante yon nòt kote ou make kantite ètan ou panse ou te travay vremen. Se pa paske ou siyen yon nòt dekont orè (timesheet) ki vle di apresa ou pa kapab reklame okenn lòt salè anplis yo dwe w. Anplwayè w pa kapab kenbe lajan ou si ou pa siyen fèy dekont orè a.

Evalyasyon Travay la

Ou gen dwa pou mande anplwayè w pou li ba w fidbak alekri konsènan pèfòmans ou nan travay la:

- 3 mwa aprè ou kòmanse travay, epi
- yon fwa chak ane apresa.

Si ou pa dakò ak yon bagay anplwayè w lan ekri sou fòm la, ou gendwa mande li pou li chanje li pou make yon bagay nou toulede dakò sou li.

Si ou pa kapab mete w dakò, ou gendwa ekri yon lèt bay anplwayè w lan pou eslike pwendvi w lan. Yo dwe bay nenpòt moun ki resevwa evalyasyon travay ou an lè sa a.

Peman

Apati de premye janvye 2023, salè minimòm nan Massachusetts se \$15 pa lè You must be paid for all hours you work. Yo dwe peye w tout èdtan ou travay yo. Sa gen ladann tout tan yo te mande w rete yon kote oswa fè yon travay pou anplwayè w lan.

Anplwayè w yo dwe peye travayè yo ovètaym si yo travay plis pase 40èdtan nan yon semèn. Peman ovètaym la omwen 1.5 x tarif nòmal peman pou chak èdtan ki depase 40èdtan.

Anplwayè w dwe peye w touswit, anjeneral nan 6 jou anvan fen peryòd peman salè a. Si anplwa ou fini, anplwayè w lan dwe peye w pou tout èdtan ou te travay yo epi pou nenpòt tan vakans touswit – menm jou a oswa nan pwochen jou peman salè nòmal la.

Peryòd Repo

Pandan yon peryòd repo, ou pa dwe gen okenn obligasyon nan travay la epi yo dwe aksepte pou w kite lye travay la. Peryòd repo ou yo gendwa peye oswa non-peye. (Pòz ki dire mwens pase 20 minit anjeneral dwe peye.) Oumenm ak anplwayè w nou ta dwe mete n dakò sou sa lè li anboche w. Ou gendwa chwazi pou travay si ou vle. Si sa rive, yo oblige peye w pou peryòd repo a.

Si ou travay 6 èdtan oswa plis nan yon jou, ou gen dwa pou gen yon repa 30 minit oswa yon pòz repo chak jou travay.

Si ou travay 40 èdtan oswa plis nan yon semèn, ou dwe touche omwens 1 jou konplè (24èdtan) san travay (off) chak semèn epi 2 jou konplè (48 èdtan) san travay (off) chak mwa. Ou kapab abandone peryòd repo sa a lèou ekri yon akò alekri ak anplwayè w lan nan yon lang ou konprann.

Si ou oblige travay pandan 24èdtan oswa plis, oumenm ak anplwayè w lan gendwa mete n dakò ke sèten peryòd repa, peryòd repo oswa peryòd pou dòmi jiska 8èdtan p ap konte kòm tan travay peye.

Si ou oblige travay pandan mwens pase 24ètan, anplwayè w oblige peye w pou tout peryòd repa, repo ak pou dòmi, sof si ou pa t oblige travay epi li otorize w pou w ale pandan moman sa yo.

Èdtan ki Pre-peye yo

Si anpwlayè w peye w alavans, men li pa ba w ase èdtan pou travay pandan peryòd peman sa a, anplwayè a pa kapab oblige w repeye nenpòt pati nan salè w ni retire nan salè w sou yon peryòd peman pi devan.

Oumenm ak anplwayè w lan kapab mete n dakò ke ou pral "ratrave" tan an yon lòt semèn ("èdtan an rezèv"). Sa otorize pandan jiska 24 èdtan tan an rezèv, men sèlman si ou te aksepte sa alekri nan yon lang ou konprann. Si ou travay plis pase 40èdtan nan yon semèn, ikonpri èdtan an rezèv ou dwe ratrave, alòs yo dwe peye w kanmenm yon fwa edmi pou chak èdtan ki anplis 40 yo.

Dediksyon nan Peman

Anplwayè yo pa gen dwa retire lajan nan peman yon anpwlaye sof si lalwa otorize / oubyen anpwlaye a te mande dediksyon an paske se yon bagay ki pozitif pou li.

Egzanp dediksyon ki obligatwa oswa ki otorize

- Retansyon fiskal taks Eta a ak federal,
- Sekirite sosyal ak Chomaj,
- Mizan gaj (sezi) sal , tankou pou sip timoun, pou asirans sante

Egzanp dediksyon anplwaye a kapab apwoouye

- Kontribisyon nan kont ekonomi oswa retrèt travayè a
- Pòsyon travayè a gen pou l peye nan prim asirans sante yo
- Manje ak bweson - Yon anplwayè gendwa retire sèlman pri manje ak bweson yo nan peman travayè a, si travayè a chwazi sa volontèman, epi li otorize pou l estoke, prepare epi manje ak bwè manaje li pito yo.
- Anplwayè a pa gen dwa faktire plis pase \$1.50 pou tidejne ak \$2.25 pou lench oswa dine, epi dediksyon an pa ka pou piplis pase pri revyen reyèl la.
- Lojman - Yon anplwayè pa gen dwa retire pri chanm ou an (lojman) si li oblige w pou w viv nan kote sa a. Yon anplwayè gendwa retire pri chanm ou an (lojman) sèlman si ou chwazi abite la a epi lojman ou ansatisfè estanda sante lokal ak Eta a pou chofaj, dlo ak limyè.

Anplwayè a pa kapab faktire plis pase: \$35 nan yon semèn pou yon chanm pou 1 moun; \$30 chak semèn pou yon chanm pou 2 moun; oswa \$25 nan yon semèn pou yon chanm ki gen 3 moun oswa plis ladann

Pa gen okenn dediksyon ki otorize pou manje, bweson oswa lojman si ou pa bay pèmisyon ou alekri nan yon lang ou konprann.

Avantaj Leta Bay yo

Sekirite sosyal ak Taks sou Revni

Lè anplwaye yo touche plis pase \$1,900 dola nan yon ane, anplwayè a dwe retire lajan nan chèk salè w lan epi voye li bay leta pou finanse sèten pwogram Eta a ak federal.

Dediksyon fiskal sa yo konte antanke kredi pou retrèt ak avantaj pou andikap.

Si ou gen kesyon sou kijan sa mache, kontakte Administrasyon Sosyal sekirite a nan 800-772-1213 – www.ssa.gov.

Avantaj pou Chomaj

Anplwaye yo ki pèdi travay yo men ki kapab travay epi ki disponib epi k ap chèche travay gendwa kalifye pou avantaj chomaj yo. Pou wè si ou kalifye, kontakte Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance) nan 617-626-6800 – www.mass.gov/dua.

Konje Peye pou Maladi, Vakans ak lòt Konte Peye toujou

Konje Peye pou Maladi

Ou gen dwa touche 1èdtan konje peye pou maladi chak 30èdtan ou travay. Ou gendwa touche epi pran jiska 40è konje peye pou maladi chak ane. Ou dwe kapab itilize konje peye pou maladi w lan 3 mwa (90 jou) aprè premye jou travay ou an.

Ou gendwa itilize konje peye ou akimile a si oumenm oswa pitit ou, mari/madanm ou, paran oswa paran mari/madanm ou malad oswa pran chòk oubyen si li gen yon randevou medikal woutin. Epitou ou gendwa pran konje peye pou maladi pou oumenm oswa pou pitit ou an pou fè fas ak vyolans nan kay. Gen plis enfòmasyon nan www.mass.gov/ago/earned sicktime.

Vakans ak Jou pou Regle Zafè Pèsonèl

Oumenm ak anplwayè w lan gendwa mete n dakò sou vakans ak jou pèsonèl, epi si jou sa yo peye oswa pa peye.

Enpòtan! Si anplwayè w lan dakò pou ba w tan vakans peye, ou dwe touche pou nenpòt lè vakans ou pa itilize ki akimile lè djòb ou fini. Jwenn plis enfòmasyon osijè tan vakans nan www.mass.gov/ago/fairlabor.

Konje Peye pou Paran

Ou gendwa pran jiska 8 semèn konje ki pa peye kote djòb ou rezèv pou jiskaske w tounen, pou nesans oswa adopsyon yon timoun. Ou dwe bay anplwayè a yon preyavi pou owmen 2 semèn konsènan dat konje w lan kòmanse epi fini.

Si anplwayè w lan pa otorize w pou pran konje a oswa fè diskriminasyon kont ou paske ou ansent oubyen ou fenk gen yon pitit, ou gendwa kontakte Komisyon Massachusetts kont Diskriminasyon (Massachusetts Commission Against Discrimination) an nan 617-994-6000 oswa <https://www.mass.gov/mcad>.

Si anplwayè w gen 50 anplwaye oswa plis, ou ka gen dwa pou jwenn lòt kalite konje, ki gen ladann:

Tip Konje	Kimoun ak kisa li garanti	Kontak
Konje pou Vyolans nan Kay	Oumenm oswa yon moun nan fanmi w an rapò ak vyolans nan kay la	Biwo Pwokirè Jeneral MA, 617-727-3465, www.mass.gov/ago
Lwa sou Konje pou Ti Nesesite (Small Necessities Leave Act)	Oumenm, pou regle zafè fanmi a	Biwo Pwokirè Jeneral MA, 617-727-3465, www.mass.gov/ago
Lwa sou Konje pou Fanmi oswa Rezon Medikal (Family and Medical Leave Act, (FMLA)	Oumenm, konje ki pa peye, kote djòb ou rezèv jiskaske ou tounen, akòz nenpòt rezon ki gen pou wè ak fanmi w oswa medikal	Depatman Travay Etazini, 617-624-6700, www.dol.gov/whd

Telefòn ak Entènèt – Travayè ki Abite kay Anplwayè a

Anplwayè yo ki gen sèvis telefòn oubyen Entènèt dwe ba ou aksè gratis epi rezonab nan sèvis sa yo. Si yo pa gen sèvis telefòn oswa Entènèt sa yo, yo dwe ba w posibilité rezonab pou w jwenn sèvis sa yo yon lòt kote epi se w k ap dwe peye pou yo.

Respè Lavi Prive epi Libète pou Ale-Vini

Ou gen dwa pou yo respekte lavi prive w, menmsi ou abite kay anplwayè a.

Anplwayè w lan pa gen dwa:

- Siveye oswa anrejistre espas prive kote ou viv oswa w ap dòmi a, oubyen saldeben, aktivite pou mete oswa retire rad sou w
- Limite, entèfere oswa anrejistre komunikasyon prive w yo
- Pran, detwi, kache oswa kenbe paspò w oubyen nenpòt dokiman oubyen zafè w yo
- Fòse w travay, lè li:
 - Fè w mal, li konfine w, li koze w domaj finansyèman oubyen li menase w pou koze w donaj finansyèman, oubyen
 - Li abize lalwa oswa pwosexis legal la, li soudwaye w oswa nenpòt lòt metòd ilegal.

Chòk nan Travay

Si ou pran chòk pandan w ap travay, ou gendwa elijib pou touche benefis konpansasyon travayè. Menmsi anplwayè a pa gen asirans konpansasyon travayè, travayè yo ki rate plis pase 5 jou travay akòz yon chòk oubyen yon maladi ki gen pou wè ak travay yo gendwa kalifye pou resevwa konpansasyon pou swen medikal ak salè yo pèdi a.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte Depatman Aksidan Endistriyèl yo nan 617-727-4900 – www.mass.gov/dia.

Travayè Imigran yo gen Pwoteksyon

Lwa Eta a ki pwoteje travayè yo aplikab pou tout travayè yo, ikonpri pou travayè ki pa gen papye.

Avètisman! Yo gen dwa mete an akizasyon yon anplwayè ki denonse yon travayè opre otorite imigrasyon yo poutè travayè te plenyen konsènan yon vyolasyon dwa lwa salè ak èdtan travay oswa lòt dwa toujou. (M.G.L. c. 149, §§ 27C & 148A; M.G.L. c. 151 § 19(1) & (5))

Travayè imigran ki otorize yo ki travay pou yon anplwayè ansanm ak omwen 3 lòt anplwaye, ap jwenn pwoteksyon kont diskriminasyon ki baze sou sitiyasyon imigrasyon yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Jistik Etazini nan 800-255-7688 –

www.justice.gov/crt/about/osc/.

Anplwayè yo Pa Gen Dwa pou Fè Diskriminasyon

Yon anplwayè pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou akòz ras, koulè, kwayans relijyèz, peyi kote ou soti, si ou se fi oswa gason, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, zansèt ou yo, laj ou, andikap oswa pou sèten lòt rezon toujou.

Diskriminasyon ki baze sou sèks yon moun gen ladann touman seksyèl ak diskriminasyon kont moun ki ansent. Epitou, ou gen pwoteksyon kont touman ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ras, koulè, laj, relijyon, peyi kote moun lan soti oswa andikap. Li pa legal pou anplwayè w lan pran revanch kont ou poutè ou te denonse pratik ou panse ki diskriminatwa.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte Divizyon Dwa Sivik Pwokirè Jeneral (Attorney General's Civil Rights Division) la nan (617) 963-2917 oubyen Komisyon Massachusetts kont Diskriminasyon akòz Laj (Massachusetts Commission Against Discrimination) nan 617-994-6000.

Revokasyon – Travayè ki abite Kay Anplwayè a

Si ou abite kay anplwayè w oswa yon lòt kote anplwayè w lan egzije, ou gen sèten dwa anplis si yo revoke w oswa si ou pèdi travay ou.

Sof si yo revoke poutèt ou an fòt, anplwayè w lan oblige ba w:

- Yo notifikasyon alekri; epi
- Omwens 30 jou lojman kote ou ye kounye a oswa nan lojman ki parèy OSWA endemnite lisansiman ki egal ak montan salè mwayen ou pandan 2 semèn. Si anplwayè a chwazi bay lojman yon lòt kote oswa peman endemnite lisansiman an, yo dwe ba w omwen 24èdtan pou w ka demenaje.

Si anplwayè a revoke w poutèt ou an tò, li dwe ba w:

- Yon preyavi alekri; epi
- Yon posibilite rezonab owmen 48èdtan pou w demenaje.

Si anplwayè a fè yon deklarasyon alekri de bònswa kote li di ou te fè yon bagay ki domaje anplwayè a oswa fanmi li oubyen moun lakay li, anplwayè a:

- Kapa mete fen nan djòb ou touswit, epi
- Pa ba w okenn lajan ni tan pou jwenn yon nouvo kote pou w rete.

Enpòtan! Kèlkeswa rezon an kifè w ap kite travay la, anplwayè a dwe peye w tout salè li dwe w yo, ki gen ladann tout tan vakans ki akimile ou pokò itilize, anvan ou kite travay la.

Anplwayè yo Pa Gen Dwa pou Pran Revanch

Yon anplwayè pa kapab pini ni fè diskriminasyon kont ou poutèt ou revandike dwa w yo daprè lejislasyon sou salè ak èdtan travay Massachusetts, ki gen ladann Deklarasyon Dwa Travayè Domestik (Domestic Workers Bill of Rights) la.

Dwa sa yo aplikas pou tout travayè, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Si yon anplwayè denonse oswa deklare oubyen menase denonse yon travayè ki pa gen papye opre otorite imigrasyon yo poutèt li te pote plent osijèyon vyolasyon dwa sa yo, yo kapab pouswiv anplwayè a epi/oswa li kapab dwe peye sanksyon dwa sivil.

Èske ou gen yon plent kont anplwayè w lan?

Anplwayè travayè domestik dwe obeyi lwa salè ak èdtan travay Massachusetts yo ki endike nan Avi sa a.

Si ou gen yon kesyon oubyen ou vle depoze yon plent osijè yon dwa ki endike nan avi sa a, ou ta dwe kontakte ajans ki liste nan seksyon sa a. Si pa gen okenn ajans ki liste, ou gendwa pote plent opre Biwo Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Office). Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou soumèt yon plent anliy nan www.mass.gov/ago/fairlabor. Oubyen rele nou nan (617) 727-3465.